



2017 - 2018 Pwosedì Aplikasyon Head Start/Early Head Start

(2017 - 2018 Head Start/Early Head Start Application Process)

6 mas - 31 mas, 2017

(GADE NAN DO PAPYE-SA-A POU KONNEN KI LÈ AK KI KOTE)

Pwogram konplèt, tout jounen, pou timoun 3zan ak 4tran
Opsyon Pwogram nan Sant ak lakay pou timoun piti tibebe rive laj twazan
Pwogram Head Start/Early Head Start asepte timoun andikape.

Kondisyon pou yon timoun elijib/kalifye pou pwogram-lan:

- Timoun Head Start dwe gen 3zan oswa 4tran premye septanm, 2017 oswa anvan premye septanm.
- Early Head Start asepte fanm ansent ak timoun piti, tibebe rive laj 3zan.
- Pou kalifye pou pwogram-la, revni (inkòm) fanmi-an dwe nan kategori ti revni oswa pi ba selon tablo revni *Poverty Guidelines*, Depatman *Health & Human Services* apwouve.
- **Se SÈLMAN paran/gadyen legal** ki kapap ranpli aplikasyon-an.

Dokiman w'ap bezwen pote lè ou vin aplike:

- Prèw laj timoun-nan (**ORIJINAL** batistè -ak nesans- oswa paspò)
- Kat Medicaid timoun-nan, si timoun-nan elijib
- Prèw ou se responsab legal (guardianship), si se nesèsè
- Foto idantifikasyon paran/gadyen legal
- Prèw ou rete nan Broward County (domisil)
- Prèw **REVNI (INKÒM) CHAK MANM FANMI KI NAN KAY-LA, POU ANNE ANVAN-AN (2016) OSWA POU DÈNYÈ 12 MWA-YO**

Men egzanp dokiman, papye ki montre ou gen revni, nou kapab asepte pou chak manm fanmi

- | | | |
|--|--|--|
| • Souch chèk ak total salè-ou pou tout ane-a | • Dosye Asistans piblik (TANF, W.A.G.E.S.) ki montre montan <u>ak</u> dat ou resevwa asistans-la | • Dosye benefis veteran |
| • Tout fòm 2016 W-2 Forms | • Deklarasyon ekri notarye anplwayè ou siyen | • Dosye sipò timoun/alimoni |
| • Fòm 2016 Income Tax Form 1040 (avèk <i>Schedule C</i> si ou travay pou tèt-ou) | • Dosye benefis retrèt | • Dosye konpansasyon travayè |
| • Dosye konpansasyon chomaj (Unemployment compensation records) | • Dosye <i>Supplemental Security Income</i> (SSI) | • Dosye alokasyon militè |
| | | • Lajan ou resevwa pou trenning |
| | | • Sibvansyon, bous rechèch, bous |
| | | • Benefis Sosyal Sekirite (<i>Social Security</i>) |

Pran nòt: Pwogram Head Start **PAP** bay transpòtasyon. Pas pou otobis (bus passes) ka disponnib avèk Pwogram pas otobis tranzit nan Broward (*Broward County Transit Bus Pass Program*). Rele 954-357-8400 pou plis enfòmasyon. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman Head Start/Early Intervention nan nimewo 754-321-1961.

<http://ece.browardschools.com>

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedì ki kapab lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, nasyonalite, eta sivil, ras, relijyon oswa oryantasyon seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele *Executive Director, Benefits & EEO Compliance* nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), nenpòt moun ki andikape ki bezwen akomodasyon ak adaptasyon kapab rele Equal Educational Opportunities (EEO) nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

BED-HC#242/12/15 Document translated by the Bilingual/ESOL Department (12/15)